Соколёнок

# Лачен

3/2018
май-июнь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



## Бергьенлъи рекIелъги ракIалдещвеялъги!

# ЗАИД ХIАЖИЕВАСУЛ 120 СОН



*ХХ гIасруялъул чIахIияб гIелалъул хъвадарухъабазул цояв, Дагъистаналъул халкъияв шагIир Заид ХIажиев гьавуна Хунзахъ районалъул Хунзахъ росулъ. ЧIахIияб гIелалъего гIадин, гIисинал, нужееги хъвалаан гьес кучIдул. Заид ХIажиевасул руго цIализе гъира балел «ХIанчIикIкIал», «Гагу, гагу абе, дур габур тIеяб» абурал ва цогидалги лъикIа-лъикIал асарал. Берцинаб мацIалъ хъварал, лъималазе лъазаризе бигьаял руго Заидил кучIдул.*

## Тайи

**Дир тайидул гIундул**
**ГъуцIарал руго,**
**Гъажалда жал-расги**
**Меседил буго.**

**РутIбиги бохдулги**
**Халатал руго,**
**Нахъа хъандарачIги**
**ЧIухIараб буго.**

**Нодо халалъухъе**
**ХъахIаб тIанкI буго,**
**ТIогьиса кIутIбиги**
**ТIеренал руго.**

**ЖайрангIан жибгоги**
**ГIедераб буго,**
**ГIураби расунеб**
**Басанду буго.**



## Кету

**Ниж киназдасагоги**
**Кету цебе борчIана,**
**КантIогьилаб гьелъул рачI**
**ЧIор гIадин бахъун чIана.**

**ТIаса цIира гъинчIеб мугъ**
**ЦIабуцIцIун биччан тана.**
**Ченгел гIадаб гьелъул кIал**
**Бегьухъе гьакIкIан ана.**

**Квархи гIадинаб мацIалъ**
**Сверухъе кIал бацIцIана,**
**Махмаралъул квачIаца**
**Цинги беркIал чурана.**
**Михъалхуч, дир чанахъан**
**Чан гьабизе рекIана.**



# АхIмадги таращги



АхIмадил тIарцIаб, тIуцаб
Цо басанду букIана,
КIиябго гIин гIуцIараб
Цо гъецIеро букIана.

Гьелъул хасалил бусен
Царал гIадаб букIана.
ПастIаналъул къед борлъун,
Цо къор гьабун букIана.

Таращ басандун чIалгIун,
БусатIе лъугьун ана.
Васандун чIалгIинчIого,
АхIмадги хадув ана.

Амма, АхIмад къваридаб
Къоринив къан хутIана,
КъватIибе нух къотIидал
КIиялго къиркъидана.

Екерун ахIуд яхъун,
ДахIабаба ячIана.
КIиябго хIетIеги ккун
АхIмад къватIив вахъана.

# Кинидахъ бакъан



Бега, басанду, бусен рахIатай,
Кьижа, меседу, макьу гьуинай!
Ахикь хIанчIазул хIухь-махI къотIана,
ТIохде хIелказул кучIдул къотIана.

Къурщил кваркьидакь тIанчIи кьерана,
Катил лъоробе лъимал лъугьана.
Кьижа, дир дарман, щун бугин заман,
Рокъоб цIа свана, цIва-кан бакана!

Макьилъ меседил дунял бихьила.
Рохьоб хъурмазул хабар рагIила,
Зодихъ цIвабзазде тIаде йоржина.
МоцIрол гьурмада гьоболлъи бала.

# Гьан бокьулезе гIиги бокьизе ккола

Хlасан Хlабибов

ХАБАР

ГIисинал классазул цIалдохъабазе риидалил каникулал кьун лъабабилеб къоялъул бакъанигIуж букIана. Росдада цебе бугел тIогьоца бацараб гьитIинабго майданлъиялдеги ракIарун жидерго классалъул цIалдохъан ГIумарил ГIалил бицунел ругоан киналго лъимал. Цояс абулеб букIана ГIали пионеразул лагералде ун ватилилан. Гуребани ГIали лъабго къоялъ жанив чIезе рес букIинчIо. Кин бугониги цонигиясда лъалеб букIинчIо гьев кив ва щиб гьабулев вугевали.

Ле, гьудулзаби, – ян абуна ХIажияс, гьоркьосанги ваккун, – щиб лъалеб гьев унтун ватизеги бегьулагури. Нилъеда лъалеб гьечIо нилъер гьудул вугеб бакI, рачIа рилълъинин цо раккизе.

Киналго лъимал разилъана ва ГIалил рокъорехун ралагьун ана. Гьесул рукъ букIана росурагIалда цо гьитIинаб кьурда гъоркь. Рукъалъул кваранаб рахъалда росдал гIадамазул гIиял жанире гъолеб, ганчIица сверун къараб лъабго кIудияб лол букIана. Гьездаса гIодобегIан бихьулаан гIадамаз цIиял рукъзабазе гамачI бахъизе квер бараб кьурул ахалъиги.

Лъималазда ГIали рокъов ватичIо. Гьев инсуе гIоло гIияде росдадаса рикIкIад гьечIеб «ЧIчIандикIкIал» абулеб бакIалде ун ватана.

ГIалил эмен Карим унтун бусада вугоан. ХIажиясги ва гьесул гьалмагъзабазги кIудияб ракIхвей загьир гьабуна гьеб кинабго жидеда лъачIолъиялдаса. Гьел гIаданлъиялъул рагIабазухъ Каримица лъималазе кIудияб баркала кьуна. Каримилгун къолъикIги гьабун, лъимал къватIире рахъунеб мехалъ бакъ тIерхьунеб букIана. Гьезул цоял бачазде данде, цогиял гIачиязде данде, лъабабилел абуни, рокъо-рокъоре рикь-рикьун тIагIун ана. Метердай ина дун ГIалие кумекалъе ялъуни жакъадай ун лъикI?..» Ахирги хIукму ккана, эбел-инсудаги гьикъун, Карим сахлъизегIан ГIалие кумекалъе метер къоялдаса нахъе ине...



БакъанигIужалъ ГIали рокъое тIад вуссунев вукIана. Гьесда данде жакъа щивниги чи ваккичIо. Лолазде аскIобе рехъен щолеб мехалъ, дуниял рукIкIине байбихьун букIана. Росдал къватIазул рорхатал хIубазда ракарал электрикалъул чирахъазул канлъиялъ кумек гьабулеб букIана сверухъ бугеб жо бихьизе. Хадуб ахIулаго рехъенгун ГIали лолазда цеве щвана. Гьев цIорон хутIана. Гьезул чIабар бугоан квешезего жанибе бараб гIадин ганчIица хъахI гьабун.

«Къуру къвагьун букIине ккола, гуребани гьабгощинаб гьегъ жанибе ккезе рес букIинчIо. Щиб хIалдай къаси хухазул хьалбазул букIина гьанире жанире гъуни?» – ян батIи-батIиял пикрабаз сверун ккуна ГIали. РакIалдаго гьечIого, тIаде вачIана гьесул гьудул, ХIажияв.

– Балагье, вац, ХIажияв, цо гьанибе гьогъол ихх чвахун бугеб куц? Унго, гьаб лъил хIалтIидай?

– ЛъикIго жо гъун бихьула жанибе, – гIодове чиччан абуна ХIажияс, – лъабго нухалъ гурищ жакъа къурда гьоркь цIа лъураб? – Вабабай, ГIали, бахъараб кIудияб гьаракь, рукъзалгицин дарран сорозаруна. Гьаваялде рахъарал накIкIул гIадал хIубаз росдада тIад тIупун лъикIаланго мехалъ чIулх лъун букIана.

– Гьебали гьедин телин, гьанже щибдай, вац, ХIажияв, гьабила гьаб рехъада?

– Ургъел чIваге, – ян абуна ХIажияс, кIудияв чияс гIадин. – Сабаб тIагIараб жо гIажалилан гурищ абулеб? Ургъизинха цадахъ кIиявго гьудул... Цодагьаб мехалъ чIезеги чIун ХIажияс гьикъана:

– Гьадаб гьоркьохъеб лолонире гъуни киндай букIина?

– Доре гьал гьунаро, – ян абуна ГIалица, – исана гIи цIикIкIун буго.

– Гьедин батани, – ян байбихьана цIидасан ХIажияс, рачун нилъерго классалъул лъималгун цебеса цебе бан цоречIчIи гьабуни киндай букIина?

– ЦIакъ битIараб... КIиябго звено тIаделъани, гьаниб сагIтие хIалтIи гьечIо, – ян гьимана ГIали. Лъалаго гьесул гьурмада рохалил гIаламат загьирлъана.

– Гьедин батани, дун хехлъи гьабун лъимал рачине ина. Мун рехъадул тIалаб-агъазалда чIа, – ян абуна ХIажияс, гIедегIун унаго.

– Воре, ХIажияв, хIобода чирахъ рекIун гьечIеблъиги монтерасда абизе кIочонге дуда, – ян хадуб ахIана ГIалица.

– ЛъикI буго, кинабго бичIчIана, бичIчIана, – ян такрар гьабуна ХIажияс.

«Гъудул тIаса вищиялъулъ дун мекъи ккун гьечIо, – ян разилъун, чанго нухалъ жинцаго жиндиего такрар гьабуна ГIалица. КватIичIого лъималаз, чIиргъи-хъуялда рачIун, лолил кIалтIу щулаго ккуна. Гьездаго хадувцун цIияб чирахъги босун монтер Камалги вачун, ХIажиявги тIаде щвана. Цин цебе Камалица борхатаб хIобода чирахъ гвангъизабуна. Хадуб гьес, киналго лъимал лолил ракьандеги рачун низамалда чIезаруна.

– Балагье, лъимал, – ан абуна Камалица, киналго гIенеккизегIанги чIун, – гьаб гIиял иш нужеда бараб буго къаси. Пикру гьабе, нужго регараб мехалъ хьолбокье кигIан гьитIинабниги чIимих ккани букIинеб лазатбахъиялъул. Гьединлъидал, къваригIун буго цадахълъугьун гьал лолал ганчIидаса рацIцIад гьаризе. Гьан бокьулезе гIиги бокьизе ккола. ХIажиясги ГIалицаги малъухъе гьабе хIалтIи, гьудулзаби.

Гьеб малъа-хъвайги гьабун Камал рокъове ана.

– Ишалде байбихьун лъикI гурищ? – ан гьикъана ХIажияс.

– Цебего мех щвана, – ян цо кIалдисан гIадин кIалъана киналго лъимал.

Бихьулелъуб чIимихцин гьоркь течIого, гьира-шавкъалда тириго хIалтIулел рукIана росдал лъимал. Бащдаб сагIат иналде гьез хIалтIи лъугIизабуна. Гьелдаса рохарал лъимал рази-ракиго, чIиргъи-хъуялда руссунел рукIана рокъоре...

# Гъудуллъиялъул ахикь

## Абу Нувас (гIарабиязул шагIир)

### Гьаб гIумру

Гьаб гIумру щиб жо, лъимал?
Бициниш нужеего?
Цоязе – байрам, рохел,
Цогиязе пашманлъи.

Цояв бечелъун, чехь цIун
Берщун сверухъ валагьун,
Цояв – хIалтIи щвечIого
КваначIого кьижулев.

Киса-кибего гьедин:
Цояв – микъсал гьечIого,
Цогидал – габунир щун
Буголъиялъ гъанкъулел.



Генри Лонгофелло

(Америкаялъул шагIир)

# ХIабашиясул макъу



Бакъуца вагIарарав,
ХIалтIуца цIакъ свакарав
ХIабашияв чахъалтIа
Къижун ккана лахIзаталъ.

Макъилъ чода вуго гьав,
Гьасда хадуб буго халкъ.
Рачлихъ меседил ярагъ,
Гьасухъ балагьун хъизан.

Эркенлъиялде руго
АхIулел гьас гIадамал,
Гьасул гьаракьги буго
Зоб-ракьалда тIибитIун.

...Квешаб ахIтIей рагIана
Гьасда хважаинасул.
ЩIалаца вухана гьав,
ТIад малал ран – хвана гьав.

*Буссинабуна Макъсуд ЗайнулгIабидовас*



## Марина Ахмадова

# РитIучI

Нижер зоопаркалда
Бугеб гьайбатаб ритIучI,
БачIанщинаб къоялда
Щвела духъе дун, ритIучI.

Тамахаб рас квер бахъун
Бигьагьабун лъухьила,
ХIинкъичIого, квен бегьун,
Диде ругьун гьабила.

Щайха, бацако, дир квер
Бегьулелъул, соролеб?
ГIаркьаххарал лълъурдуз бер
Бахъилиндай хIинкъулей?



# Чу



Чу гьечIо дир.
 Дун яччун йиго дадал горбода,
ТIасагIодой вацазде
Балагьун, ракIги релъун.

ГьитIинай йикIани щиб,
 Гьездаса йорхалъула,
Дадал горбочуялда
Дунял дида бихьула.

# Мали

КIвахIги хIинкъиги тун дун
Малиялде ххарана,
Черх лъадарун ругьунлъун
ЛъикIилан гьира ккана.
ТIогьие гIагарлъидал,
Дун хIикмалъун, пиштIана,
ХIинкъиялъ йосаххиндал
Гьоркье киндай рештIина?



# ГIурдахIан

Дида гури цо нухалъ
Цо гIурдахIан бихьараб,
Бабае гьебги босун,
Суалал дица кьурал:

– Баба, балагьун йихье,
Церцинаб цо гIурдахIан,
Жибго хIан гIадин хъахIаб,
Аб кванaзе бегьулищ?

– Бегьуларо! – ГIедегIун
Жаваб кьуна бабаца.
Гьеб загьруяб буголъи
БичIчIизабуна дида.
Батанщинаб гIурдахIан
БетIизе бегьунгутIи,
Гьеб гурин гIадатаб хIан,
Гьеб хинкIги хIанги гIадин,
Кваналеб жо гуреблъи,
Гьеб гъабаялда гьорлъцин
Чан рекIкIаб тайпа бугеб.
ТIехь-ххералда гьоркьобцин
Цойищ загьруяб кколеб.





# ЧIегIер

КIанцIелаго унаго,
Дида цо гьве дандчIвана,
Гьелъий квен баччулаго,
Нижер гьудуллъи ккана.

РачIги кIибикIулаго,
ЧIегIер рази букIуна,
Школалде унаго
Дунгун вац тIоритIула.

Цо нухалъ ЧIегIерица
Ниж хIикмалъизаруна,
Гьудул лъугьараб гьвеца
Щуго таращ бачIана.

ТIурччигIан чIегIерал гьел
Кьерухъе нуцIихъ лъуна,
Турщузде руссун чIарал
Нижер дарсал хутIана.

Сувайнат Кюребекова

(табасараназул шагьир)

# ГIанкIитIинчI



ЧIегIераб рохь сардида
Гъуинаб макьилъ буго,
КьижичIеб щибдайилан
Зодихъ халккун цIва буго.

НакIкIигъотIокь хIохьода
ГIанкIитIинчI кьерун буго,
Кибго гIедегIичIого
КвачIал чурулеб буго.

Зодил халичаялда
Кьижун лълъар месседил моцI.
Кьижун гьечIо цохIого
ТIинчI рокъой буссинчIеб гIанкI.

* * *

МаркIачIуда сверухъе
БецIлъиялъ юргъан бана.
Сордо хъаравуллъуда
Росу сверулеб чIана.

Зодисан цIадал къатIра
МиккитIамхиде щвана,
ГIалхул карул хъархъазулъ
Биччилин, цер бахчана.

Угьунги биччан, сордо
Ралъадги бахун ана,
БагIараб рогьел рештIун,
Щобил маххал кенчIана.

*ГIурус мацIалдаса руссинаруна*
*ГIаишат Малачиевалъ*

ГIашшат Малачиева

# Борожь буго борожь
## (хIакъикъияб хабар)



Бакъуцаги рухIун, хIабашиял гIадин чIегIерлъун, рииго гIурул рагIалда тIамуна ТIайгибицаги Халидицаги. Къасиялде рокъоре ани гурони, рукъги бугин жидер, рокъор эбел-эменги ругин, гьезие кумекги хIажат батилин абураб пикруго гьабулеб букIинчIо исана гьез. Рогьаралго рахъун, кваназе чедги ччугIил консервалги, ялъуни нису-хIаниги, помидор-охцерниги босун, цIадал къо букIа, бакъ щвараб букIа, гIурухъниги лъарахъниги чвердолаан гьал. Цо-цо гIагарлъухъ ругел ахакье кIанцIун, барщун батараб пихъ-мичIги кванан, гъотIолниги кьурулниги рагIдукьеги лъугьун, ракIгъунги, чIамучIгоги рукIунаан гьал. Росдал цоги лъимал цо-цо мехалъ рачIунел рукIарал ратани, ТIайгибги Халидги гьенир рукIине жидеда тIадаб бугебгIанги, щибаб къоялъ ругьунлъун рукIана магъилъги гIурухъги. Гьенир ракIгъеялъе хIаялги рукIунаан, салул рукъзалги ралаан. ГIуруханалги тIатIала сокIкIун гьезул къадалги гьарун, тIаде жидерго ретIел-парталги рехун, цIакъго бакъ бухIараб мехалъ бежулеб салутIа хIетIе-квер хъвазе бегьулеб хIал букIунарелъул, гьел вехьасул гIадаб пажинире лъугьун, гIуруца ахх бачунеб сасалъухъе кьижунгицин кколаан.



Цо къоялъ бакъги тIерхьараб, маркIачIуде гIагарлъулеб гIужалъ цо гьогьомараб гьорохъе макьидаса ворчIана ТIайгиб.

– Ва, Халид, хехго вахъа, рукIкIинехъин буго, эхеде рилълъине мех щун буго, – ян абуна гьас, вацасул гъажалдаги кIутIулаго.

КIвекIулаго бералгун, вахъун вачIун, гIедегIун ретIел ретIине жувана Халидги.

ГIурумухъдасан тIаде гIагарлъулеб цо сапаралдасан свакараб гIадаб машинадул сасги рагIулеб букIана.

– Хехлъи гьабе, Халид, машина цебехун борчIун ани, лъелго рилълъун нилъ боголиде гурони рокъоре щоларо. Дун гьакинухде вахинин, мун хадувгъа! – ян гьесдеги ахIун, ТIайгиб цевехун векерана. – Халид, хехлъи гьабеян гурищ дуда, машина тIаде гIагарлъулеб буго! – ян дагъаб ццинбахъун ахIдезе лъугьана кIудияв вац.

Дагъал гьаздаса цере арал васал тириго машинаялдеги рахун, цереса тIерхьана.

– Дур хадув вехъерхъиго щиб, гъарин, херав чи гIадин вугогури жакъа! – ян вагъизе лъугьана гьасде гьаб нухалда цIикIкIарав вац. – Туватахъ гIадин вукIинчIого, цодагьав вагъа-вачаре!

– Хьит ретIине кIоларо, гьунеб гьечIо хIатIида! – ян гIодулев рагIулаан Халид.

– Хьитги ретIинчIого, хIатIида гIицIго вачIа! – ян хъирхъидана нахъеги ТIайгиб.

Кодор кковухъе хьиталгун, гъегъ-чабахалдасан, унтулаго гIицIал гъоркьахIатIалгун, санагIат гьечIого вачIунев вукIана, додинго гIодулаго гьавги.

– Мун сабаблъун гъоркьго хутӀанагури нилълъ. Гьанже вилълъа хӀатӀида гӀицӀго росулъе щвезегӀан.

– Дида кӀоларо, гьанжеялдего цӀерищ, зазищ, маххул кесекищали къана килщазда гьоркьоб... Цойги бачӀинародай машина, ТӀайгиб, бачӀинеги бегьулагури, ия? – ян хьул гьабулеб букӀана гьес, бидухъран ругел хӀатӀикилщалги къоркъотӀамхица рацӀцӀунаго.

– Радал ретӀунеб мехалъ къваридал рукӀин лъачӀищ дуда ал? Жеги хӀатӀил куц босичӀел, цӀиял ретӀинчӀого, долцоял щай ретӀинчӀел, гьадигӀан рикӀкӀаде рилълъунеб мехалъ дуцаги хьи-т-ал? – илан, гӀажаиблъун кодоре росана ТӀайгибица вацасда аскӀор ганчӀида лъун рукӀарал хьитал. КвегӀаб хьит гьесда батӀаго бакӀлъунги бихьана. Кваранабги гӀодобе бортизе биччан, квегӀаб, тӀикъваялда хъатги кӀутӀ-кӀутӀун, гӀодобехун сверизабуна гьес. Бигьагьабун гьенисан къватӀибе далун бачӀана чӀегӀерчараб, чӀоло гӀадаб тӀеренаб, амма гӀезегӀан халатаб борохь.

– Борохь! – иланги ахӀун, ТӀайгиб нахъегӀан кӀанцӀун ана.

ХӀинкъиялъ виххункkарав Халидин абуни, жиндирго гӀицӀал хӀатӀалги унтулел килщалги кӀочон тун, нухги бахун, ссанул ракьандехун векерана.

Борохь расги гӀедегӀичӀого, кӀичӀа-гьетӀун, кьурди хӀалеб гӀадин, жиндирго лагаги кьуркьузабулаго, гьел васаздаса жиндие хӀинкъи гьечӀеблъи лъараб гӀадин, ганчӀалъехун хъурщун ине лъугьана.

– Гьа, гӀелин лъутарав, жиндирго нухалъ анин добали! – абун дагьавго ракӀчӀун гӀадин, гаргазе лъугьана гьанже ТӀайгиб. – Нилъеца зарал гьабулеб гьечӀони, цӀакъго квешаб борохь гурони чиясда хадуб лъугьунарин яги данде чӀоларилан гурищ инсуца бицунеб букӀараб нилъее. Гьединал квешал, зарал кӀудиял, загьру гӀемерал борхьал нилъер анир рукӀунариланги гурищ дос абулеб букӀараб.

– Гъодин бигьаго гъогъол гохӀилье кӀкӀуржине кӀолеб гьелда, расги къо бихьичӀого гьаниб чабхилъан къватӀибе баккизеги кӀвелагури. Загьру бугониги, гьечӀониги, кӀудияб букӀаниги, кӀудиялъул кигӀан гьитӀинаб тӀинчӀ батаниги, борхь буго борохь, ТӀайгиб. КигӀан цӀакъаб батаниги дие бакьангуро! – ян ахӀдолев вукӀана хӀухьел хехлъун, цеве-цеве унев вукӀарав Халид.

– Меседил бугониги, диеги кӀваричӀо, Халид эб. Бугониги, нилъее хӀинкъи лъугӀанилан абулев вукӀана дун.

– Щиб лъалеб, доб бугеб бакӀалда долъул бацги, гьудулги букӀунилан-ги рагӀичӀищ дуда инсуца абулеб.

– Гьелъул бац къватӀибеги бахъун, нилъее хъваш-баш гьабизе бачӀинегӀан, гьагъале, мадугьал ХӀасаница жиндирго мотоциклалъул росонирги рекӀинарун цадахъ рачинел ратила нилъги, – ян дагьавго вохун абуна ТӀайгибица, хӀинкъиялъищ, свакаялъищали, хӀалакъккараб гьурмада цӀирарараб гӀетӀги гурдилл къвалалъ бацӀцӀунаго.

Хьитал росизецин рекӀедаги ратичӀого, цоясдаса цояв цеве ккезе хӀаракатги бахъулаго мотоциклалъул росонире кӀанцӀана кӀиявго вац. Унтулеб, ссудулеб букӀараб хӀетӀегицин кӀочон тана Халидида, цо кӀудияб балагьалдаса ворчӀарав чияс гӀадин, угьунги биччан.

– КигӀан лъикӀха мун вачӀарав, ХӀасан-даци, – ян, рохел загьир гьабичӀогоги чӀезе кӀвечӀо гьеседа.

ЗакарижIажи Жамагов

# ХIалчIахъад



Радал хехго вахъуна,
Бичасе рецц гьабула,
Как бан, дугIа гьабула,
Бусен-къай бакIарула.

Инсуе салам кьола,
Эбелалда къвал бала,
Жакъа дида малълъизе
Щиб бугебан цIехола.

Дарсал такрар гьарула,
Школалде къачIала,
Унтаралгин херазе
Кумек даим гьабула.

Дов лъикIав цIалдохъанин
Учителас веццула,
ХIалчIахъад вугин диран
КIудаэмен вохула.

* * *

Дир вуго кIудаэмен,
Дир йиго кIудаэбел.
Гьел дие цIакъ рокьула,
Гьезий дунги йокьула.

Дица гьезда къвал бала,
КIаркьеналда баула,
Рукъ бакIарун, лъухьула,
Гъуд-гIучI бацIцIад гьабула.

Гьай дир кумекчIужуян
КIудаэбел йохула.
ЦIакъай яс йигин диран
КIудадаца еццула.

## МухIамад ХIасанов

# ЦIум



ЧIухIадго боржун унеб букIана цIум. Жиндаса гучаб хIинчI ракьалда гьечIеб гIадин, жиндирго черхалде бер щвезабулеб букIана гьелъ. Сверухъ роржунел рукIана хIанчIи. Гьез бетIер къулун гьелъие саламги кьолаан. ЦIудуца гьезул сан гьабулароан. Даим гьедин букIине кколеб жо гIадин хIисаб гьабулаан. ГIицIго къадако унаан гьелда аскIосан боржун, цIудуе бетIерги къуличIого. ЦIудуе гьеб рекIее гIолароан. Къадкил загIиплъиялдаги гIамал кIодолъиялдаги гьелъул кутакалда ццин бахъунаан.

Цо заманалдасан цIум херлъана. Гьанже хIанчIаз гьелъул сан гьабулеб букIинчIо. ГIицIго къадако боржана гьелда аскIобе. Гьелъ салам кьуна, амма доб цебего гIадин бетIер къуличIо. Къадкил гIамал хисичIо.

# ЦIудудаса хвасарлъи

Бакъуе керен кьураб цо расалъиялда гIодовги чIун, дун лалу бачунев вукIана. Сверухъ кваналел ругел кьагIазухъги валагьун, кеп босулев вукIана дун. Цойидасанго тIасан паркъараб рагIадалъ тIадехун ворхизавуна. Дида бихьана гамачI гIадин къабукъун унеб цIум. Гьеб унеб бугоан гIодобе кIкIалахъе боржун. Хадув дунги векеранаха. Гьенив цо гохIда нахъе щведал, дагьалъ лъалхъана дун.

Дида цебе паркъана гIажаибаб сурат. Бугоха чахъдаца кьегIер гьабун. Гьениб кьагIрида тIад речIчIун цIумги бугоан.

Огь, чахъдада букIараб хIал! Цин добе бекерун, цинги гьанибе бортун, рахIатхун, киндай тIинчI хвасар гьабилаян бугоан гьеб. Векеранаха гьенive. Дица цIудул ботIролъ тIил кьабуна. Холеб батана кьегIер. Дун пашпанлъарав куц. ГIемер ццин бахъиналъ, дица гьеб гьотIода бухьана. КьегIерги къвалакь ккун, дун рокъовехун валагьун ана. Чурана гьелъул ругънал, тIаде щвана дару.

Огь, ккезе бахъараб тохаб иш. Дагьалъги кватIаравани, хвелаан кьегIер, гIодилаан гьелъул эбел.

# ГьитIичазул кIалдисан

* * *

Эменгун цадахъ зоопаркалде щведал, ритIучIалде килищги битIун, васас абуна:

– Балагье, дада, нилъер вешалка буго долъ ботIрода лъун.

* * *

Щай дуца гьедин хехго конфетал кваналел? КIочонищ бугеб дур гьитIинав вацги вугеблъи?

– ГьечIо. Гьединлъидал кваналел руго дица конфетал хехго.

* * *

ГьитIинай ясалъ гъираялда бегулеб букIана хъизамалъул альбом. Циндаго гьелда бихьана лъимерлъудаго бахъараб эбелалъул сурат.

– Эбел, мун гьитIинаб мехалъ лъица дун садикаялде ячуней йикIарай?

* * *

– Марат, мун вухулищ инсуца?

– Вухулила дуе, вацазда гьоркьов бищун гьитIинав диде ирга щвелалде, дов свакала.

* * *

Автобусалда:

– Ле, вас, школалда малъуларищ дуда чIахIиязе бакI кьезе?

– Нижее гьабсагIат каникулал руго.

* * *

– Нахъеги щай дуца инсул сурат тетрадалда седараб? – абун цIехана эбелалъ васасда.

– Дида мугIалималъ абуна, жиндие бокьун бугила рокъобе хIалтIи гьабизе дуе кумек гьабурав чиясда берчIвазеян.

* * *

Инсуца васасда абула:

– Кида, дир вас, гьал кIиййилал хисизе ругел? – илан.

– Лъаларо, дада. Журнал кидаго учительскиялда цIунун букIуна.



# Эбелалде

Патимат Малачиева



Эбелалъул бакъги ссун,
Къварилъугеги лъимер,
Рохалил гъветIги гъенон,
Гъаримлъугеги лъимер.

Лъималаз ракIги бахъун
Яхъун унгеги эбел,
Наслабаз балагь бекьун,
Ракьулъ лъогеги эбел.

Эбел нечезе ккараб
Рогьо щогеяб лъимер.
Эбел магIид ецIцIараб
ЦIар бачIунгеяб лъимер.

Дунялгун данде цIараб
Рохел гурищ дий эбел.
Роценгун гIорхъи тараб
ТалихI гурищ дий эбел.

ДугIалъун гьардолеб кечI
Кодой босизин, лъимал.
Гьей цIунизе кIолеб кечI
КIочон теларин, лъимал.



# КАНИКУЛАЗДА

Рилълъа, Унсоколоре,
Киналго гьудулзаби,
Кари барщун батила,
Курак щолеб батила.

ГIашилтIарохьоб чIараб
Лагералде раккила,
Кисанго рачIун, щварал
Лъималгун хIухьбахъила.

"Ругьулълъан" лъар чваххулеб
Чвахалодукь чвердела,
"ГIинтIимагIарда" чIарал
ГIи-боцIухъабахъ чIела.

ЩIулада расен хъвалел
Устарзаби рихьила,
Гьезул хIикматал кверзул
Камиллъи загьирлъила.

Гъойсу жаниб сасараб
ХIорил сангар бихьила,
МагIарухъ бараб шагьар -
Шамилхъала батила.

АхIулгохIда батараб
Тарихалъул бицина,
Имамзабазул ватIан
ТIолго нужеда лъала.

ШагIир МахIмуд вахъараб
ХъахIабросулъе щвела...
Рилълъа, Унсоколоре,
Каникулал тIамизе.






# Дир сонал тIикъваялда хъван руго



БукIанила, букIинчIила цо чуги, цо бацIги, цо церги. Гьел лъабазго хIукму гьабунила цадахъ гьудул-гьалмагълъиялда гIумру гьабизе. Гьединаб къагIидаялда гьал цо лъикIалан заманалъ цадахъ рукIанила.

Цо заманалдасан тIаде щванила квачараб хасел. Кваназе жоялъул рахъалъ къварилъи кканила гьазие. Гьеб мехалъ гьазда гьоркьоб зигара бакканила, гьадин ракъуца хвезе рукIине бегьуларин, цо щибниги ургъизе ккелилан. Цараца абунила, рачIайин нилъеда гьоркьоб гIумруялъ бищунго гьитIинаб кинаб батаниги, гьеле гьеб хутIараз кваназеян. Гьелда бацIги разилъанила.

Царада гьикъанила мун кидайин гьабурабилан.

– Дун НухI аварагасул заманалдаго гьабураб буго, – ян абунила гьелъ.

БацIида гьикъанила мун кида гьабурабилан.

– Цер гьабураб мехалъ, дун кIудияб гIураб гIолохъанаб бацI букIана, – ян абунила гьелъги.

Чода гьикъанила мун кида гьабурабилан. Чода бичIчIанила бацIги церги рекъон жиндие хIилла ургъулеб букIин. Гьелъ абунила:

— Дида дунго гъабураб заман лъаларо, амма эбел-инсуца дир кваранаб бохалъул тIикъваялда хъван тун буго дун гъабураб сон. Нужеего гьеб лъазе бокьани, гьенире раккизе бегьула, — ян.

БацIица абунила царада:

— Билълъа, цо балагье, цер, нилъер гьалмагъалъул чан сон бугебали, — ян.

Царада гьебсагIат бичIчIанила гьелъул ккезе бугеб жо ва гьелъ, жинда хъвай-цIали лъаларин, мунго балагьейилан абунила.

КIанцIун тIадеги бахъун, бацI лъугьанила чодул тIикъваялда хъвараб жо щибдай бугоян балагьизе. ЛъикI санагIаталда бацI ккараб мехалъ, лъикIаб хIалалда борхизеги борхун, бан биччан танила чоца бацIил ботIролъ мал. Турараб хъабахъ гIадин бихъ-бихъун бетIергун, гIодоб речIчIун бацIги хванила, гьеб бихьараб царацаги гьеб рахъ-мухъго танила.

# Билараб гамущ

РикIкIаде сапаралъ унев лъабго вац вукIанила. Унаго, кIудияв вац дагъав лъалхъанила ва гьанисан гамущ ун бугилан абунила. КIиабилев вацас тIаде жубанила, валлагь, гьелъул квегIаб бох рекъабги букIун бугилан. Гьеб гъарималъул квегIаб берги беццаб букIун бугилан лъабабилесги тIаде жубанила.

Цо заманалдасан гIедегIун вачIунев херав чи хадув гъунила гьазда.

— ГIолохъаби, цо гамущго бихьичIищ нужеда? — ян гьикъанила гьес.

— КвегIаб бохги рекъаб, квегIаб берги беццаб гамущ гурищ гьеб букIараб? — абун гьикъанила вацаз гьасда.

— Валлагь, гьеб нужеца бицунеб гамущ букIана. Киб нужеда гьеб бихьараб?

— Нижеда гьеб бихьичIо, — ян жаваб кьунила гIолохъабаз.

— Кин гьеб бихьулареб, дир ганщил киналго гIаламатал лъалел ругогури нужеда? Нужеца тIагIинабун батизе буго гьеб, гуреб батани, араб бакIгIаги щайха бицунареб? — ан тIаделъанила гьезда кIудияв чи.

БихьичIин, лъаларин гIолохъаби лъугьанила, бихьун бугин ва нужеца тIагIинабун бугин гьебилан кIудияв чи лъугьанила. ЛъикI дагIбаданила гьел. Ахирги аскIоб бугеб росулъе цо гIакъилав чиясухъе диван къотIизе рилълъанила.

Иш ккараб куцги баян гьабун, жиндир гамущ тIагIинабурал гьал цIогьазе тамихI гьабизе кколилан чIанила кIудияв чи.

— Кинха, гIолохъаби, бихьичIеб ганщил киналго гIаламатал нужеда лъалел? — абун гьикъанила гIакъилас.

— Кин гурелъул, — ан бицанила цояс, — ганщица хер хIанчIун бугоан, гIедегIиялъ гьоркьо-гьоркьоб лъикIго бакIги тун. Гьединлъидал гьеб лъутун унеб букIине ккола.

— КвегIаб бох рекъаб букIин лъана дида, — ян абунила цогияс, — гьелъул квегIаб щинкIилалъул лъалкI цIакъго загIипаб букIун.

— КвегIаб бер беццаб букIин лъана дида, — ян лъабабилесги абунила, — гьелъ хер хIанчIун бугоан, кIиябго рахъалде гьелъул кIал гIунтIулеб къваридаб нух бугониги, цохIо кваранаб рахъалдасан.

— Мун дурго гамущ балагьизе а, гьезда гIайиб гьечIо, — ян абунила гIакъилас ганщил бетIергьанасда.

*Халид СагIидов*

# КIалкIучIазухъ гъоболлъухъ

(Марсиласул лъугьа-бахъиназдасан)

– Дида кидаго бихьичIо гьадигIан гьитIинаб ГIадамил лъимер, щив ва киса мун кколев? – ин жиндирго берцинал куркьбаздаса чIухIун, гьел гьоболасда рихьизаризе бокьун, дагьалго эхе-эхеде хьвагIезаруна кIалкIучIалъ.

– Дуда кисаха дун вихьилев, дида мунги тIоцебе бихьулеб рухIчIаголъи бугелъул, – янги абун Марсилас, бетIер къулун хъваш-баш гьабуна кIалкIучIалъулгун. – ВахI, ле, тамашаял берцинал куркьби ругоха дур, кIалкIучI-капустница, дица видеокамераялъ босила дур суратги ва дур гIумру-яшав гьабулеб къагIидаги дуца бице дида сверухъ боржанхъилаго.

– Ле, гьобол, гIемер рикIкIад гьечIо дир гьалмагъзабаз гIумру гьабулеб бакI, цо минуталъ яхI гьабе, дун гьелги рачун вачIина дуда рихьизе, берци-берцинал куркьбал ругел гIемерал кIалкIучIал ругин нижер тайпа-тухумалъул гьанир.



Цо минутгІанасеб заман гьоркьоб инчІо, роржун рачІун, кІалкІучІаз сверун ккуна Марсилав. ГъутІбузул тІанхазда, ххарил тІугьдузда гІодорчІарал гьез куркьбал хьвагІезаризе байбихьана, гъоркьанги тІасанги гьоболасда жал рихьи мурадалда. Балагьараб мехалъ, сверухъ ругел тІугьдузги, кІалкІучІазги, хІанчІазги гьеб рохьил рацІцІалъи бицун божуляреб берцинлъиялде сверун букІана.

— Гьаха, кІалкІучІ, бицеха нужерго гІумруялъул, — ан Марсилас видеокамера хІалтІизе биччана.

— Нижер кІалкІучІазул тайпа-тухум гьаб ракьалда 140 азаргоялде бахуна. Руго гьезда гьоркьор чІахІиялги гІисиналги. Руго къаси гІумру гьабулелги къад гІумру гьабулелги. Аслияб къагІидаялда нижецаги, наязго гІадин, батІи-батІиял тІугьдузде рештІун, гьезул лъим цІцІун, бетІербахъи гьабула. Нижеда рикІкІадасаго рихьула нижеего лъим цІцІузе къваригІунел тІугьдул, гьал михъазда махІги чІвала, — ян жиндирго михъал квачІица лъухьун, рихьизаруна капустница-кІалкІучІалъ. Амма тІогьода тІад рештІинчІого гьелъул гьуинаб лъел тІагІам лъаларо нижеда, щайин абуни, рештІун хадуб нижер хІатІазлъидал кинабго жоялъул тІагІам лъазабулеб. ТІогьол сок цІцІула гьаб нижер кІалдиб бугеб сокІулеб гьумералъ, — ан жиндирго гьурмал гохІ бихьизабуна капустницаялъ.

— Инсанасулги нужерги кинаб гьоркьоблъи бугеб? — ан гьикъана гьелда Марсилас.

— Инсанас цебе нижер тІалаб гьабулаан, щайин абуни, нижеца ах-хур бацІцІад гьабун, мунпагІалъиялде сверизабулеб букІун — цо, кІиабизе — нижер чиллай гьабулел кІалкІучІаз инсанасе къиматаб кун гьабула — коконал гьарун, гьес гьеб чиллайкун гьабизе хІалтІизабула. Нижеца гьабураб чиллаялъул лъугьараб кун, инсанас гьединго операция гьабун хадуб ругъун букъизецин хІалтІизабула.

Ахирияб заманаялъ, химиялъул загьру речІчІизабун, инсанас нижер наслу ахазукьа ва хурзабахъа тІагІинабулеб буго. Нижер наслу гуребги, хІутІазул, хІанчІазул наслабиги тІагІинарулел руго. Гьединлъидал, тІабигІаталда жаниб цІакъ гІакъилго, хІикматго гІуцІараб кинабго дурусслъи (баланс) хвезабун, заралияб рухІчІаголъи цІикІкІун, пайдаяб рухІчІаголъи дагьлъун, дунялалъул рухІчІаголъиялъул дурусслъи холеб буго, — ян пашманго загьир гьабуна гьоболасе кІалкІучІалъ.

— Гьанже цо ахирияб суалалъе мухІканаб жаваб щвезе бокьилаанха дие. ХІанчІи хасел тІамизе рикІкІаде роржунел руго, нужер кІалкІучІал ругищ ватІан тун, цойги бакІалде роржунеб тайпаялъул?

— Буго нижер кІалкІучІазул «монарх» абулеб тайпа, гьел аза-азар километр нахъе тун, цо бакІалдаса цоги бакІалде роржуна, гІумру гьабизе санагІалъи цІехон. Масала, Севернияб Америкаялъул Канада абулеб рахъалдаса Югалъул Америкаялъул Мексика абураб рахъалде щвезегІанги роржуна гьел, — ан гьоболасда, карта цебе босун, кІиябго континент бихьизабуна капустницаялъ.

Капустница-кІалкІучІалъ батІи-батІиял тІугьдузул гьуинал лъинал лъуна гьесие гьоболлъи гьабун.

Марсилас, гьоболлъи къабул гьабун, сок гьекъана, капустницаялъе ва цогидалги кІалкІучІазе баркала кьун, кІалкІучІазул жинцаго рахъарал суратал гьезиеги рикьун, къомехлъикІ гьабун, гьениса сапаралъ къватІиве вахъана.

# Лъималазул творчество









***Хасавюрт шагьаралъул «Интеллект» школалъул 5-аб классалъул цIалдохъан Муслима Абсаламовалъ рахъарал суратал.***








Flowers






**Ибрагьимхалил МухIамадов**

# КIамуринур

МагIарухъги гIодоблъиялдаги гIемер дандчIвала гIадамал хIайранлъизарулебб куцалда рихьулел тIабигIаталъул суратал. Гьезул цояб ккола нур – анкьго батIияб кьералдалъун зобалазда лъугьунеб гьайбатаб кIамури.

Нур лъугьуна бакъуда дандбитIун бугеб рахъалде цIадал «пардав» ккараб мехалда. Гьелъулъ загьирлъула бакъудасан рачIунел киналго кьерал. Нуралъул кIамуриялъул къватIисеб, ай тIадехунисеб рахъ кунчIула багIараб кьер лъугьун, цинги «рижула» багIарлъиялде араб тIогьилаб, тIубанго тIогьилаб, гIурччинаб, канчIхъахIилаб, тIубанго хъахIилаб ва щакъидулаб кьерал. Гьедин гIола анкьабго кьер. Цоцо мехалда гьелдаго аскIоб лъугьине бегьула кIиабилеб кIамуриги, амма гьелъул кьерал загьирлъула гIаксалда – щакъидулалдаса байбихьун багIараб кьералде щвезегIан. БукIуна лъабго, ункъо кIамуринур цадахъго чIараб замангицин.

Гьеб тIабигIияб хIикмалъиялъухъ балагьун хIайранлъун хутIула гьелде кIвар кьурав аза-азар чи.

Нур чIун бихьизе бегьула лъадал чвахелоялда яги ралъдал борхатаб карачелалда аскIобги. Гьеб лъугьуна лъадал гIисинал къатIрабазда бакъул чIорал речIчIиялъул хIасилалда.






*Ахиралда р хIарпги бугеб лъабго хIарпалдасан лъугьунеб лъеберго рагIи ургъе:*

| | | |
|---|---|---|
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |

| | | |
|---|---|---|
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |

| | | |
|---|---|---|
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |
| | | р |













Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

3/2018

май–июнь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г.
выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов

Формат 60х84 $^{1}/_{8}$.
Уч. изд. л. 3,23.
Уч. печ. лист 3,26.
Бумага офсетная.

Выход в свет 21.06.2018 г.
Тираж 1065 экз.
Заказ № 198.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.